



Pou Piblikasyon Imedya: 05/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOLONJMAN DAT LIMIT POU BAY SOULAJMAN
POU OURAGAN IDA A POU NOUYÒKÈ KI TE EKSKLI YO**

*Nouyòkè ki afekte yo genyen kounye a jiska 4 janvye pou aplike atravè
òganizasyon kominotè yo chwazi nan zòn ki afekte pou resevwa asistans pou
rekiperasyon an*

*Òganizasyon san bi likratik yo chwazi yo ap travay dirèkteman ak rezidan ki pa
kalifye pou èd FEMA yo*

Pwogram nan kontinye ede rezidan ki rele Liy Ijans ONA an nan 1-800-566-7636

Tradiksyon espanyòl piblikasyon an disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul ak te anonse jodi a, dat limit pou aplikasyon Fon pou soulajman Ida a ap pwolonje jiska 4 janvye pou bay soulajman pou sivivan tanpèt ak inondasyon ki te ekskli akòz dega Ouragan Ida. Nouyòkè ki pa kalifye pou resevwa asistans pou rekiperasyon atravè Pwogram Asistans Endividyèl FEMA oswa lòt mwayen yo, ka aplike pou finansman ki te distribye atravè yon rezo òganizasyon kominotè ki etabli.

"Aprè Ouragan Ida, nou te angaje konplètman pou ede Nouyòkè yo rekipere de tanpèt devastan sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk ekstansyon sa pou aplike pou resous yo, Nouyòkè ki te ekskli ki pa kalifye pou soulajman FEMA a epi òganizasyon kominotè ki sou teren an ka reyini tout enfòmasyon ki nesèsè kounye a pou aplike pou resevwa finansman yo bezwen pou rekonstrui a."

Pwolonjman an ranfòse angajman Eta a pou sipòte òganizasyon san bi likratif sa yo nan yon efò asosye pou distribye èd epi ofri plis tan pou reyini enfòmasyon ak dokiman pou sila yo ki bezwen aplike pou asistans. Jiska 30 novanm, plis pase 1,800 moun te kontakte sou pwogram nan epi pami kontak inisyal sa yo, 403 fanmi te soumèt aplikasyon epi 507 fanmi te kalifye pou finansman FEMA yo epi yo te refere yo la. Jiska jodi a, 54 fanmi te resevwa apeprè 228,376 dola. Yo te apwouve aplikasyon yon lòt 31 fanmi epi ki annatant pou pèman. Konte Orange te enkli nan Deklarasyon Katastwòf la epi rezidan ki afekte yo nan konte sa ta dwe kontakte Liy Ijans ONA a.

Òganizasyon sa yo ap bay asistans:

Bronx - Catholic Charities Community Services, 402 East 152nd Street, Bronx, NY 10455

Brooklyn - Chinese American Planning Council, 4101 8th Ave, 4th Floor, Brooklyn, NY 11232

Queens - MinKwon, 133-29 41st Avenue, Suite 202, Flushing, NY 11355

Queens - Make the Road, 92-10 Roosevelt Ave, Jackson Heights, NY 11372

Staten Island - Make the Road, 161 Port Richmond Ave, Staten Island, NY 10302

Nassau - Economic Opportunity Commission of Nassau County, 134 Jackson Street, Hempstead, NY 11550

Suffolk - Make the Road, 1090 Suffolk Ave, Brentwood, NY 11717

Westchester & Rockland - NeighborsLink, 27 Columbus Ave, Mount Kisco, NY 10549

Sekretè Eta Pwovizwa, Brendan C. Hughes, te deklare, "Domaj Ouragan Ida yo te detui kay ak betay anpil moun apre pasaj li, epi apre kèk mwa ijans ak dezaz yo, moun ki te afekte yo toujou ap eseye jere enfòmasyon debaz pou jwenn sipò yo bezwen pou rekonstui. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, Biwo pou Nouvo Ameriken an (Office for New Americans, ONA), ap kontinye ofri sipò ki nesèsè pou ede kominote ki pi vilnerab ki bezwen Fon pou Soulajman Ida yo restore lavi yo."

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Gouvènè Hochul te franchi yon gwo etap pou sipòte vwazen nou yo atravè alokasyon fon soulajman pou Ida a. Plizyè santèn fanmi ki ekskli te deja vini aplike. Men akòz nati katastwòf sa, anpil lòt gen chans pou bezwen plis tan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou pwolongasyon ki tèlman nesèsè sa epi mwen pa ka tann pou kontinye travay sou sa ansanm."

Direktè Jeneral Catholic Charities New York la Monsenyè Kevin Sullivan, te deklare, "Catholic Charities konnen twò byen ke souvan, kèk ane apre yon dezaz, toujou genyen fanmi ak moun k ap fè fas ak konsekans evènman sa yo trajikman. Nou rekonesan ke Gouvènman Hochul te pwolonje Fon Soulajman pou Ouragan Ida a, k ap pèmèt nou kontinye sèvi sila yo ki nan bezwen an."

Direktè Egzekitif Neighbors Link, Carola Otero Bracco, te deklare, "Pwolonjman Fon Soulajman pou Ida a se yon etap nesèsè pou asire ke moun ki nan zòn ki afekte pa tanpèt la jwenn asistans yo bezwen kèlkeswa estati imigrasyon, sitiyasyon lojman yo oswa kapasite pou peye pou asirans. Anpil rezidan ki ekskli te sèvi kòm travayè esansyèl epi te jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi nou an, men yo te souvan ekskli yo nan pifò kalite soulajman gouvènman yo epi yo ka bezwen plis tan ak èd pou aplike pou èd sa. Neighbors Link rekonesan a Gouvènè Hochul pou pwolonjman pwogram nan pou asire rezidan yo gen tan ak resous ki nesèsè pou aplike."

Ko-Direktè Egzekitif nan Make the Road, Theo Oshiro, te deklare, "Fon pou Soulajman Ida a se yon resous enpòtan pou Nouyòkè ki te eksperimente sa ki pi mal nan Ouragan Ida a. Pwolonjman sa se bon nouvèl pou kominote nou yo, paske sa bay plis tan pou asire ke plis vwazen posib resevwa èd yo bezwen an."

Direktè Komisyon Opòtinite Ekonomik (Economic Opportunity Commission, EOC) Konte Nassau, Eric Poulson, te deklare, "EOC Konte Nassau, Inc., kontan pou tandè ke Fon Soulajman Ouragan Ida a te pwolonje jiska 4 janvye. Sa ap pèmèt EOC Konte Nassau, Inc., kontinye ede sila yo ki te afekte pa Ouragan Ida. Moun ak fanmi ke nou te ede yo ekstrèman rekonesan paske yo pa t gen lòt altènativ. Se te yon kòd sovtaaj nan bay asistans lojman tanporè epi reponn ak bezwen ki enpòtan. Nou enpasyon pou kontinye misyon nou pou ede kantite moun ak fanmi ki posib."

Direktè Egzekitif MinKwon Center for Community Action, John Park te deklare, "MinKwon Center for Community Action bat bravo pou pwolonjman Soulajman Siklòn Ida ki enpòtan anpil pou Nouyòkè imigran ki pi vilnerab nou yo. Nan kòmansman pandemi an, travayè nan restoran, livrezon, ak travayè swen sante nan liy devan ki ekskli yo te kanpe pou pran swen nou ak vwazen nou yo. Kèlkeswa moun ou ye oswa estati imigrasyon ou, Nouyòkè yo pran swen youn lòt. Se yon resous enkwayab k ap pote transfòmasyon pou sila yo ki te afekte, epi youn nan kèk resous ki kalifye pou Nouyòkè ki ekskli yo. MinKwon Center sipòte resous enpòtan sa epi ankouraje aplikan ki kalifye yo aplike."

Direktè Egzekitif ak Chinese-American Planning Council, Inc., Wayne Ho, te deklare, "CPC kontan ke Biwo pou Nouvo Ameriken Eta a ak Biwo Majistra a te pwolonje dat limit pou Fon Soulajman Ouragan Ida a pou manm kominote ki ekskli yo. Vwazen imigran nou yo te afekte nan fason ki pa pwopòsyone pa ouragan an, ki enkli Ameriken Azyatik ki konpoze vas majorite moun ki mouri nan sousòl akòz ouragan an. Nou ankouraje Nouyòkè tout antesedan pou kontakte CPC pou asistans."

Òganizasyon patnè ki san bi likratif yo te bay asistans epi aksepte aplikasyon depi lendi 27 septanm 2021. Pou kalifye pou pwogram sa, aplikan yo dwe a) pa kalifye pou asistans FEMA a epi b) pa gen yon moun nan fanmi yo ki kalifye pou asistans.

Pou konekte ak asistans, rezidan ki afekte yo ta dwe rele Liy ijans ONA a nan 1-800-566-7636 9:00am jiska 8:00pm, lendi rive vandredi oswa vizite oganizasyon patnè san bi likratif yo. Liy ijans lan disponib nan plis pase 200 lang.

Gouvènè Hochul te anonse anvan lansman nouvo sant resous sou entènèt pou Nouyòkè ki afekte yo, disponib [isit la](#). Sant lan bay enfòmasyon sou pwogram asistans ki disponib yo ak kote pou jwenn sèvis tankouabri epi aksè ak manje. Yo pral mete enfòmasyon sou sit la ajou amezi gen plis resous pou Nouyòkè yo ki vin disponib.

Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Eta New York la, ki te fonde an 2012, se premye biwo legal nan peyi a pou sèvis imigran yo. ONA ede tout nouvo Ameriken ki gen aksè epi k ap navige nan plizyè sèvis gratis epi sipòte yo atravè rezo founisè kominotè li a nan tout eta a.

Pou tout imigran ki nan bezwen asistans, oswa pou konekte ak pwogram ONA yo, rele Liy Ijans Nouvo Ameriken an nan 1-800-566-7636 9:00am jiska 8:00pm, lendi rive vandredi. Tout apèl yo konfidansyèl. W ap jwenn èd disponib nan plis pase 200 lang.

Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#). Swiv ONA sou Twitter nan [@NYSNewAmericans](#) oswa [Facebook](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)